

*Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması*

# Qurılıs jumısları

**SANLAR:**

- Qurılıs-mantaj jumısları kólemi 818,8 mlrd.sum
- Iri qurılıs kárxanalardıń úlesi – 15,8 payız
- Kishi kárxanalar hám mikrofirmalar – 56,0 payız
- Qurılısta rásmiy bolmaǵan sektordıń úlesi – 28,2 payız

Usı jıldıń yanvar-iyun ayları boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikasında 818,8 mlrd sumlıq qurılıs jumısları alıp barılıp, sonnan ósiw pátin ótken jıldıń yanvar-iyun aylarına salıstırma túrde 101,5 payızın quradı hám 1,5 payız ǵ a ósti.

Sonıń menen bir qatarda iri kárxanalar tárepinen qurılıs jumısları kólemi 129,0 mlrd sum bolıp, ósim páti 93,7 payızdı qurap, ótken jıldıń iyun ayına salıstır ǵ anda 6,3 payız ǵ a kemeydi.



## Qurılıs jumısları , mlrd.sum



# Múlikshilik formaları boyınsha qurılıs jumısları




Múlikshiliktıń mámleketlik emes túrindegi qurılıs kárxanaları tárepinen 795,6 mlrd. sumlıq qurılıs jumısları pitkerilip, ulıwma qurılıs jumısları kóleminiń 97,2 payızın quradı, ótken jıldıń yanvar-iyun aylarına salıstırǵanda 3,9 payızǵa ósti.




Ulıwma qurılıs jumısları kólemindegi "imaratlar hám inshaatlardıń" qurılısı boyınsha 549,3 mlrd.sumlıq qurılıs jumısları pitkerilip hám ótken jıldıń yanvar-iyun aylarına salıstırǵanda 11,9 payızǵa kóbeydi. "Puxaralıq obektlerin" qurıw boyınsha qurılıs jumısları 96,7 mlrd.sum bolıp, yaǵnıy ótken jılga salıstırma túrde 9,2 payızǵa kemeydi, 172,8 mlrd.sumlıq "qánigelestirilgen" qurılıs jumıslarına tuwra kelip, ótken jılga salıstırma túrde 8,7 payızǵa kemeydi.




Ulıwma qurılıs jumısları kóleminde janadan quriw, rekonstruktsiyalaw keńeytiriw hámde texnikalıq jaqtan qayta qurallandırıw jumıslarınıń kólemi 597,1 mlrd.sumdı quradı. Kapital, ápiwayı ońlaw hám de basqa da qurılıs jumıslarınıń kólemi 221,7 mlrd sumdı quradı.

Ótken jıldıń yanvar-iyun aylarına salıstır ǵ anda jańadan qurılıs, rekonstruktsiya, keńeytiriw hámde texnikalıq jaqtan qayta qurallandırıw jumısları 11,7 payız ǵ a kóbeydi. Kapital, ápiwayı ońlaw hám de basqa da qurılıs jumıslarınıń kólemi 12,2 payız ǵ a kemeydi




**Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması Investitsiya hám qurılıs statistikası bólimi**

**Orınlawshı: Z.Seytimbetova**

**(0361) 222-75-91**